



**Gid Resous  
Katye Villeray**

# Resous ki disponib nan Villeray



Gid sa a fèt pou nou ka idantifye ak reini tout resous ki nan katye Villeray a e ki ap ede popilasyon an ki nan difikilite. Li divize nan plizyè gwo sijè, e li prezante plis pase karant òganizasyon nan kominote a ak rezò publik la kap satisfè divès bezwen, anpil nan nan bezwen sa yo te vinn pi gwo pandan pandemi COVID-19 la.

Nou konseye ou pou rele òganizasyon yo nan telefòn anvan ou ale ladan yo. Kounye a nap jwenn sou entènèt plizyè sèvis ak aktivite, men sa ka chanje nenpot kilè.

Nou espere wap jwenn enfòmasyon ou vle a epi pa ezite kontakte Corporation Developpement Communautaire (CDC) Solidarités Villeray, ki aji tankou yon tab katye ki sipòte sitwayen yo, òganizasyon Kominotè yo ak tab pou konsiltasyon nan katye Villeray a.

## CDC Solidarités Villeray

📍 660, Villeray street

📞 514 279-0117

✉️ [solidaritesvilleray.org](http://solidaritesvilleray.org)

@CDCSolidaritesVilleray

Gid sa a te prepare ak enprime nan ane 2021.

Pou enfòmasyon sou tès depistaj oswa vaksinasyon pou COVID-19, tanpri al gade sou sit entènèt CIUSSS du Nord-de-Île-de-Montréal.

### Pou tès depistaj



[bit.ly/Depistage\\_covid19](https://bit.ly/Depistage_covid19)

### Pou vaksinasyon:



[bit.ly/ciusssnim-vaccin](https://bit.ly/ciusssnim-vaccin)

# LIS SIJÈ YO

Sipò pou manje	4
Sipò pou lokatè	4
Sante mantal: ekout aktif, sipò sikososyal ak sikolojik Sant kriz ak kay pou la desant	4
Sant kriz ak kay pou la desant	5
Sipò pou moun ki viktim vyolans seksyèl oswa maltretans lakay yo	5
Sipò pou fanmi ki gen timoun ant 0 ak 5 an	6
Sèvis ak sipò pou jèn yo	7
Sipò pou fanm, paran ak fanmi	8
Sipò pou granmoun aje yo	9
Plezi ak èd yonn a lòt	10
Rantre nan yon metye, edikasyon ak èd pou jwenn travay	10
Moun ki fèk rive isit ak imigran	11
Defans dwa	12
Sante	12
Prevansyon ak akonpayman pou moun ki gen pwoblèm de pandans (dwòg, alkòl...)	12
Sipò pou moun ki andikape e pou fanmi yo	13
Lojman	14
Sekirite nan vil yo	14



Nap jwenn kat resous katye yo nan dènye paj gid la.

## SIPÒ POU MANJE

**La Maison  
quartier Villeray**

Èd pou jwenn manje, makèt ekonomik, kwizin an gwoup ak jaden an gwoup. Livrezon manje posib dapre sèten kondysyon.



### Mwayen pou kontakte

📍 660, rue Villeray  
📞 514 272-4589  
🌐 mqvilleray.ca

### Patro Villeray, Centre de loisirs et d'entraide

Sèvis popote roulante ak livrezon manje ki friz (konjle).

Nap jwenn lòt sèvis yo ofri nan seksyon gid la "Plezi ak èd yon ak lòt"

### Mwayen pou kontakte

📍 7355, avenue Christophe-Colomb  
📞 514 273-8535  
🌐 patrovilleray.ca  
(seksyon "Èd pou manje")

## SIPÒ POU LOKATÈ

### Association des locataires de Villeray (ALV)

Kote pou akeyi lokatè yo (rankont individyèl pa telefòn, pa videokonferans oswa an pèsòn). Atelye enfòmasyon (edikasyon popilè) sou repran lojman nan men lokatè a, monte pri lwavey a, lojman sosyal ak dwa lokatè yo ak kote yap jwenn jistis.



### Mwayen pou kontakte

📍 660, rue Villeray  
📞 514 270-6703  
🌐 locatairesdevilleray.com

## SANTE MANTAL: EKOUT AKTIF, SIPÒ SIKOSOSYAL AK SIKOLOJIK



### Accueil psychosocial - CIUSS NÎM

Sèvis konfidansyèl ak gratis pou moun kap viv yon kriz pèsonèl, nan fanmi an oswa nan koup la epi tou pou sipò, enfòmasyon oswa èd nan jwenn resous ki satisfè bezwen moun yo.

### Mwayen pou kontakte

📍 CLSC Villeray : 1425, rue Jarry Est  
📞 514 940-3300  
🌐 ciussnordmtl.ca  
(section Soins et services - Accueil psychosocial)

### Écoute Entraide

Sèvis ekout telefonik pou tout moun kap pase nan moman difisil. Sèvis sa a fêt pa volontè ki resevwa fòmasyon pou sa. Apèl sa yo ap rete sekrè e yo pa bezwen non moun nan. Gwoup sipò ak sèvis jimlj telefonik disponib tou.

### Mwayen pou kontakte

📞 514 278-2130  
(8 a.m. a 10 p.m. 7 jou sou 7)  
🌐 écoute-entraide.org

### L'Association québécoise des parents et amis de la personne atteinte de maladie mentale (AQPAMM)

Enfòmasyon, rekòmandasyon ak sipò pou fanmi ak zanmi yon moun kap viv ak yon pwoblèm sante mantal. Reyinyon pou enfòmasyon, rankont endividyyèl, an koup oswa fanmi, gwoup sipò, atelye siko-edikasyon, elatriye.

### Mwayen pou kontakte

📍 1260, rue Sainte Catherine Est  
📞 514 524-7131  
🌐 aqpamm.ca

## Maison multiethnique Myosotis

Konsiltasyon sikolojik endividiyèl ak atelye an gwoup a ba pri. Fòk ou pran randevou. Lang yo pale: franse, angle, panyòl, polonè, ris, roumen, arab.

### Mwayen pou jwenn yo :

📍 660, rue Villeray  
📞 514 271-4407  
🌐 maisonmyosotis.org

## Pastorale sociale Villeray

Ekout aktif, sèvis oryantasyon ak referans pour resous adapte nan katye a, sèvis espritiyèl, gwoup diskisyon, refleksyon, priyè ak aksyon sou sijè sosyal.

### Mwayen pou jwenn yo

📍 8200 rue Saint-Hubert  
📞 514 271-8605  
🌐 diocesemontreal.org  
(seksyon "Archidiocèse" -  
"Offices et services" - "Office  
de la pastorale sociale")

## Tel-Aide Montréal

Sèvis : Sèvis ekout telefonik nan 2 lang (franse ak angle). Se volontè ki resevwa fòmasyon ki bay sèvis saa. Apèl sa yo rete sekrè e yo pa bezwen non moun nan.

### Mwayen pou kontakte

📞 514 935-1101 (24/7)  
🌐 telaide.org

## SANT KRIZ AK KAY POU LA DESANT (LOJMAN TEMPORÈ)



## Association IRIS – Centre d'intervention de crise

Sèvis Èd, avèk lojman oswa san lojman, pou moun ki gen pwoblèm sante mantal. Ede moun kap viv yon kriz, bali yon kote pou l rete avèk sipèvizyon, pwogram sipò pou lavi nan lojman an ak aktivite pou terapi.

## Mwayen pou kontakte

📍 2430, boulevard Henri-Bourassa  
📞 514 388-9233 (24/7)  
🌐 associationiris.ca

## Centre de crise le Transit

Sèvis entèvensyon nan telefòn, entèvensyon sou sén kriz la, lojman pou yon tan ki kout, swivi pandan peryòd kriz la ak sèvis referans. Sèvis espesyal pou moun ki soud ak avèg. Lang yo pale: franse, angle, panyòl, ongwa, pòtigè.

### Mwayen pou kontakte

📞 514 282-7753 (24/7)  
🌐 cictransit.com

## Maison Secours aux femmes de Montréal

Kay ki ofri fanm ki viktim maltretans lakay yo ak pou pitit yo yon kote yap an sekirite avèk divès sèvis. Sèvis espesyal pou fanm imigran yo. Yo pale plizyè lang.

### Mwayen pou kontakte

📞 514 593-6353

## SIPO POU MOUN

### KI VIKTIM

### VYOLANS

### SEKSYÈL OSWA

### MALTRETANS

### LAKAY YO



## Centre de ressources et d'intervention pour les hommes abusés sexuellement dans leur enfance (CRIPHASE)

Relasyon èd, gwoup sipò, kafe-rankont (diskite pandan nap pran yon kafe), fòmasyon ak sèvis pou pwoch fanmi.

### Mwayen pou kontakte

📍 8105, avenue de Gaspé  
📞 514 529-5567  
🌐 criphase.org

## Mouvement contre le viol et l'inceste

Sipò ak entèvansyon pou fanm ki gen pou pi piti 14 lane e ki te sibi vyolans seksyèl oswa ki viktim trafik. Ekout telefonik, entèvansyon pou yon moun oswa yon gwoup, sipò nan demach nan lajistis. Yo pale plizyè lang.

### Mwayen pou kontakte

- 📞 514 278-9383
- 🌐 [mcvicontreleviol.org](http://mcvicontreleviol.org)

## SOS violence conjugale

Sèvis ekout telefonik, evalyasyon, enfòmasyon, sansibilizasyon, sipò ak sèvis referans, pou tout moun ki sibi maltretans lakay yo. Apèl sa yo rete sekrè e yo pa bezwen non moun nan. Sèvis espesyal pou moun ki pa tandé byen.

### Mwayen pou kontakte

- 📞 1 800 363-9010 (24/7)
- 📠 438 601-1211 (voye tèks mesaj)
- 🌐 [sosviolenceconjugale.ca](http://sosviolenceconjugale.ca)  
(Nan plis pase 25 lang)

## SIPÒ POU FANMI AK TIMOUN ANT 0 E 5 AN



## Alternative Naissance

Sipò nan akouchman, sèvis avan akouchman ak rankont apre akouchman sou diferan sijè. Gwoup sipò pou fanm ki te fè yon akouchman difisil ak sipò pou moun ki pèdi pitit yo nan akouchman.

### Mwayen pou kontakte

- 📍 6006, rue de Bordeaux
- 📞 514 274-1727
- 🌐 [alternative-naissance.ca](http://alternative-naissance.ca)

## Bureau coordonnateur La trottinette carottée

Ede paran yo jwenn yon plas nan yon sèvis gadri familyal ki ofri bon kalite sèvis.

### Mwayen pou kontakte

- 📍 7535, rue St-Hubert
- 📞 514 523-0659
- 🌐 [latrottinettecacottee.com](http://latrottinettecacottee.com)

## Services aux enfants de 0-5 ans et à leurs familles CIUSSS NIM

Sèvis pou timoun, pou manman, pou fanm ansent ak fanmi yo. Èd nan bay tête, reyinyon ak klas anvan akouchman, akonpayman endividiyèl, swiv ki sa yap manje, atelye, elatriye.

### Mwayen pou kontakte

- 📍 1425, rue Jarry Est
- 📞 514 376-4141
- 🌐 [ciusssnordmtl.ca](http://ciusssnordmtl.ca)  
(seksyon "Soins et services" - "Enfants, adolescents et famille" - "Services aux enfants de 0-5 ans et à leurs familles")

## Espace Famille Villeray

Sant resous pou apre akouchman ak pou fanmi. Sant ki akeyi ak sipòte paran ak fiti paran yo nan preparasyon yo ak adaptasyon nan ròl paran yo. Atelye ak chita pale: dòmi ti bebe, evèy mizikal, aktivite pou bon kondisyon fizik, rankont anvan akouchman, atelye papa avèk pitit, gwoup papa, elatriye. Sipò gratis lakay nouvo paran yo, gadri pou yon moman, sipò sikolojik, elatriye.

### Mwayen pou kontakte

- 📍 7470, rue de Normanville
- 📞 514 858-1878
- 🌐 [espacefamille.ca](http://espacefamille.ca)

## SÈVIS AK SIPÒ POU JÈN YO



### Aire ouverte 12-25 ans (CIUSSS NÎM)

Sèvis pou jèn ant 12 ak 25 an, pou sante mantal, fizik, seksyèl ak tout lòt pwoblèm (lojman, abitid nan lavi, finans, vyolans, depandans, elatriye). Avèk oswa san randevou, sou plas, pa telefòn oswa pa vidoyo. Sèvis sa yo gratis e yo rete sekré.

#### Mwayen pou kontakte

📍 2169, rue Sauriol Est

📞 514 858-2446

🌐 ciusssnordmtl.ca

(seksyon "Soins et services" - "Enfants, adolescents et famille" - "Aire ouverte")

### Bureau de consultation jeunesse (BCJ)

Akonpayman, referans, defans dwa yo (yon moun oswa yon gwoup) pou jèn 14-25 an. Sipò pou jèn moun ak jèn paran, pwojè ak aksyon an gwoup, aktivite gwoup, lojman pou yon tan.

#### Mwayen pou kontakte

📍 5355, rue Wellington

📞 514 270-9760

🌐 bureaudedeconsultationjeunesse.org

### Corporation d'éducation jeunesse - Projet Rousselot (CÉJ)

Prevansyon izolman sosyal, kite lekòl (dekrochaj), delenkans ak zak ki pa sa kay jèn moun yo, sitou nan lès Villeray ak nan konplèks lojman Rousselot. Sipò, ede fè devwa, konsèy ak divès kalite aktivite pou ankorage devlopman total jèn yo pou ankorage yo renmen tèt yo plis ak reyisi lekòl.

#### Mwayen pou kontakte

📍 7797, rue de Lanaudière

📞 514 872-2696

🌐 corpoeducejeunesse.org  
(section Projet Rousselot)

### GymnO Montréal

Aktivite pou jèn 3 a 18 an, ki mal pou aprann, pou yo pa rete izole nan sosyete a, pou yo fè zanmi, aktivite ki ba yo chans reyisi e renmen tèt yo plis.

#### Mwayen pou kontakte

📍 660, rue Villeray

📞 514 721-3663

🌐 gymno.org

### Motivation Jeunesse 16/18 inc.

Pwogram espesyal pou ede jèn yo ki mal pou aprann reyisi ak santi yo byen. Pwogram saa ofri posibilité pou fè estaj pandan yap etidye.

#### Mwayen pou kontakte

📍 8200, boulevard Saint-Laurent

📞 514 596-5400 poste 5427

🌐 motivationjeunesse.com

### PACT de rue

Prezans sou teren an avèk jèn yo gras a entevenan kap travay nan lari. Ekout ak akonpayman.

Aktivite prevansyon nan lekòl segondè gras a travayè sou teren an.

#### Mwayen pou kontakte

📍 8105 de Gaspé, bureau 200

📞 514-278-9181

🌐 pactderue.org

### Patro Villeray - La Station

Sipò sikolojik pou adolesan, ède yo fè devwa yo, aktivite Iwazi, aktivite espò gratis, elatriye.

#### Mwayen pou kontakte

📍 7355, avenue Christophe-Colomb

📞 514 278-2654

🌐 patrovilleray.ca

(seksyon "Sports et loisirs")

## Perspectives Jeunesse

Sipòte jèn nan lekòl segondè yo pou yo rete lekòl e bayo sipò sikososal. Sipò endividyle (pou ede yo retounen lekòl ak mete jèn ki gen ant 15 a 24 an yo an mouvman) ak zafè lekòl la (klas pou jèn 15 a 20 an kapab chwazi).

### Mwayen pou kontakte

📍 6839A, rue Drolet bureau 10  
📞 514 303-0599  
🌐 perspectivesjeunesse.org

## Projet d'intervention auprès des mineurs prostitués (PlaMP)

Sèvis ekout, sipòte ak akonpanye jèn moun ki vann kò yo. Yo ofri sèvis sa a tou bay fammi yo.  
Atelye enfòmasyon pou jèn yo.

### Mwayen pou kontakte

📍 435, rue Beaubien Est  
📞 514 284-1267  
🌐 piamp.net

## Tel-Jeunes

Sipò pwofesyonèl pa telefòn, tèks, tchat ak imèl. Pou jèn ki pokò gen 20 an.

### Mwayen pou kontakte

📞 1 800 263-2266 (24/7)  
📠 514 600-1002 (texto 8h à 22h30)  
🌐 teljeunes.com

## Vue sur la relève

Promotion de la culture et des arts de la scène chez les jeunes facilitant entre autres l'intégration au milieu professionnel des artistes émergent(e)s de 18 à 35 ans, par le biais du Festival Vue sur la Relève, du Camps des Arts et de stages intensifs aux volets artistiques et ludiques.

### Mwayen pou kontakte

📞 514 278-3941  
🌐 vuesurlareleve.com  
🌐 campdesarts.org

## SIPÒ POU FANM, PARAN AK FANMI



## Crise-Ado-Famille-Enfance (CAFE) CIUSSS NÎM

Nan ka sityasyon difisil nan fanmi ki enkyetan oswa mangonmen (santiman ijans, detrès, agresyon), swivi entansif pou ranje sityasyon an nan fanmi ki gen timoun ant 5 a 17 an.

### Mwayen pou kontakte

Via l'accueil psychosocial :  
📞 514 940-3300 ou le 811 - option 2  
Via la Direction de la protection de la jeunesse :  
📞 514 896-3100  
🌐 ciussnhordmtl.ca  
(seksyon "Soins et services" -  
"Enfants, adolescents et famille"  
- "Jeunes en difficulté")

## Centre d'aide aux familles latino-américaines (CAFLA)

Sipò pa telefòn ki rete sekrè, entèprèt ak referans pou resous ki konvni yo. Yo pale: franse ak panyòl.

### Mwayen pou kontakte

📍 6839, rue Drolet  
📞 514 273-8061  
🌐 cafla.ca

## Centre des femmes d'ici et d'ailleurs

Sèvis resevwa apèl, fè referans ak defann dwa pa telefòn, an pèsòn ak an publik. Aktivite avèk moun diferan peyi sou entènèt ak nan pak, atelye lang franse, aktivite atis angaje ak aksyon an gwoup. Lang yo pale: franse, angle, panyòl, tamoul, arab levantin, kreyòl ayisyen.

### Mwayen pou kontakte

📍 8043, rue St-Hubert  
📞 514 495-7728  
🌐 cdfia.net

## La Maison des Grands-Parents de Villeray

Divès aktivite ant jenerasyon ak ede  
jwenn rad a ba pri pou tibebe ak timoun.

### Mwayen pou kontakte

📍 8078, rue Drolet  
📞 514 383-9108  
🌐 mgpvilleray.org

## Pleins Pouvoirs pour tous / Kidpower Teenpower Fullpower

Atelye pou fanmi oswa adilt pou yo  
ka konnen ak pratike fason ki ede rete  
an sekirite ak lòt moun: fanmi, zanmi,  
travay, nan lari a, sou entènèt, toupatou.

### Mwayen pou kontakte

📞 514 990-7124  
🌐 kidpowermontreal.org

## Première ressource

Èd pou paran timoun ki gen ant 0 a  
18 an. Pa telefòn, imèl oswa tchat,  
travayè yo reponn kesyon chak jou  
menm jan ak pwoblèm konplike. Èd sa  
a gratis, konvèrsasyon yo rete sekèrè

### Mwayen pou kontakte

📞 514 525-2573  
📞 1 866 329-4223  
🌐 premiereressource.com

## SIPÒ POU GRANMOUN AJE YO



### Centre des aînés de Villeray

Entèvansyon (ekout atantif ak èd)  
nan HLM (lojman a lwaye ba), nan  
kay pa yo, pla friz ak kafeterya  
kominotè, aktivite ak soti pou tout  
moun ki gen 50 an oswa plis.

### Mwayen pou kontakte

📍 7626, rue Saint-Hubert  
📞 514 277-7574  
🌐 ainesvilleray.com

## Coopérative de solidarité Novaide

Sipò pou granmoun aje yo lakay yo, poz  
pou moun kap ede yo ak fè menaj.

### Mwayen pou kontakte

📍 3565, rue Jarry Est, bureau 410  
📞 514 278-6767  
🌐 novaide.com

## Ligne Aide Abus Aînés

Entèvenan ki espesyalize nan move  
tretman bay sèvis konsiltasyon,  
resevwa apèl, founi enfòmasyon, an  
dé lang. Sèvis sa yo gratis e rete sekèrè.  
Sèvis sa a la pou granmoun aje ki ap  
sibi move tretman, pou yon fanmi  
yo, yon temwen ak entèvenan yo.

### Mwayen pou kontakte

📞 1 888 489-2287 (24/7)  
📞 514 489-2287 (24/7)  
🌐 aideabusaines.ca

## Tel-Aînés

Sèvis ki resevwa apèl konfidansyèl  
ak bay referans. Sèvis sa a founi pa  
volontè ki resevwa fòmasyon pou  
moun ki gen 60 an oswa plis ak  
moun kap bay fanmi yo swen.

### Mwayen pou kontakte

📞 514 353-2463 (de 10h à 22h, 7j/7)  
🌐 tel-écoute.org

## Vers Vous – Centre de services bénévoles aux aînés de Villeray

Transpò ak akonpayman kay doktè,  
transpò an gwoup (makèt, bank,  
fòmasyon, vizite fanmi, elatriye),  
èd nan fè makèt (san yon machin),  
rele nan telefòn pa zanmitay,  
pou sekirite ak apèl pou anivèsè  
nesans, vizite pa zanmitay tou.

### Mwayen pou kontakte

📍 7355, avenue Christophe-Colomb,  
bureau 1-100  
📞 514 277-2469  
🌐 versvous.org

## PLEZI AK ÈD YONN A LÒT



### Bureau de la communauté haïtienne de Montréal (BCHM)

Sèvis sipò pou fanmi, granmoun aje ak jèn moun. Ede fè devwa, kan lajounen, gwoup papa, sipò nan demach, sipò nan manje elatriye.

#### Mwayen pou kontakte

📍 6970, Rue Marquette  
📞 514 725-9508  
✉️ bchm.ca

### Patro Villeray

Aktivite Iwazi siveye ak lib (espò, kiltirèl, sosyo-edikasyon, nan yon espas ouvè, elatriye), naje gratis nan pisin. Ède youn lòt (prepare enpo, atelye), aksyon kominotè (prevwa ak regle konfli nan pak, elatriye), kan lajounen ak kan pandan vakans.

#### Mwayen pou kontakte

📍 7355, avenue Christophe-Colomb  
📞 514 273-8535  
✉️ patrovilleray.ca

### Projet Villeray dans l'Est

Resevwa moun, référans, rankont pou rapwoche fanmi yo, èd pou fè devwa, aprann fransè, atelye sou diferan sijè, kan lajounen ak patisipe nan vi peyi a.

#### Mwayen pou kontakte

📍 1982, rue Tillemont  
📞 514 279-1146  
✉️ @villeraydanslest@solidaritesvilleray.org

## RANTRE NAN YON METYE, EDIKASYON AK ED POU JWENN TRAVAY



### Carrefour Jeunesse Emploi (CJE) Centre-Nord

Èd pou jwenn yon travay, sèvis nan chwazi lekòl ak metye, sipò pou jèn ki pi pokò jwenn travay, sipò pou rete lekòl la ak pou gen otonomi sosyal nan sosyete a, ak patisipasyon nan divès pwojè kominotè.

#### Mwayen pou kontakte

📍 3565, rue Jarry Est, bureau 401  
📞 514 729-9777  
✉️ cje-centrenord.com

### Le Centre de formation de l'alimentation et du commerce du Québec (CFACQ)

Fòmasyon nan divès metye nan fè manje ak nan komès, fòmasyon espesyal pou moun ki mal pou jwenn yon travay. Enfòmasyon pou kontakte

#### Mwayen pou kontakte

📍 1200, boul. Crémazie Est, bureau 101  
📞 514 332-2545  
✉️ cfacq.ca

### Coop Horizon multimédia

Koperativ tèt ansanm ki sèvi ak entènèt kòm yon zouti devlopman. Sèvis nan zafè entènèt, jwenn yon plas nan sosyete a ak yon metye, fòmasyon epi travay. Pwojè apre lekòl, pou ouvri biznis e pwojè ant jenerasyon.

#### Mwayen pou kontakte

📍 8200, boulevard Saint-Laurent  
📞 1 866 893-2667  
✉️ coophorizonmultimedia.com

## **Emploi Jeunesse**

Ede ak akonpanye chak moun kap chèche travay oswa rejwenn yon travay oswa ede jèn ki gen 16 a 35 an ki vle touen lekol.

### **Mwayen pou kontakte**

📍 205, rue Jarry Est  
📞 514 495-6571  
🌐 emploi-jeunesse.org

## **L'Enjeu: cap sur l'emploi**

Sèvis èd pou jwenn travay oswa kenbe travay la pou fanm ki mal pou jwenn travay (egzamen pou evalye si yo gen nivo pou travay biwo, ede jwenn travay, gide yo nan chwazi yon lekòl oswa yon metye).

### **Mwayen pou kontakte**

📍 2215, rue Jean-Talon Est, bureau 204  
📞 514 858-5288, poste 0  
🌐 lenjeu.org

## **La Jarnigoine - Centre d'alphabétisation de Villeray**

Aprann franse, atelye lekti, ekriti, ak aprann enfòmatik. Gen solisyon pou moun ki pa gen yon òdinatè oswa yon koneksyon entènèt.

### **Mwayen pou kontakte**

📍 211, rue Jarry Est  
📞 514 273-6683  
🌐 jarnigoine.com

## **Main-Forte Montréal**

Aktivite lajounen pou andikape fizik ki pap travay ak lide pou fè yo jwenn travay nan manifakti pandan yap ede yo rankontre moun epi patisipe nan kominate yo.

### **Mwayen pou kontakte**

📍 7381, rue Saint-Hubert  
📞 514 593-6129  
🌐 mainfortemontreal.org

## **Petites-Mains**

Sipò pou fanm nan entegrasyon sosyopofesyonèl yo : Akompayman pèsonalize, kou franse, fòmasyon pwofesyonèl avèk salè, premye eksperyans travay, èd pou chèche ak jwenn travay, aktivite an gwoup, plas nan gadri.

### **Mwayen pou kontakte**

📍 7595, boulevard St-Laurent  
📞 514 738-8989  
🌐 petitesmains.com

## **Service d'intégration au marché du travail par objectifs (SIMO)**

Akonpaye moun ki fèk vini yo ak imigran ki sòt nan pliziè peyi nan devlopman kapasite yo pou jwenn travay, nan antre nan kominate a. Yo bay sèvis sa yo gress pa gress epi yo fè aktivite an gwoup tou.

### **Mwayen pou kontakte**

📍 7245, rue Clark, bureau 202  
📞 514 277-6776, poste 222  
🌐 simo-emplois.com

## **MOUN KI FEK RIVE AK IMIGRAN**



## **La Maisonnée**

Services aux personnes immigrantes et réfugiées en matière d'accueil et d'établissement ainsi que d'employabilité et d'insertion en emploi.

### **Mwayen pou kontakte**

📍 6865, avenue Christophe-Colomb  
📞 514 271-3533  
🌐 lamaisonnee.org

## Service d'interprète, d'aide et de référence aux immigrants (SIARI)

Soutien et accompagnement pour les personnes immigrantes et réfugiées dans leurs démarches d'intégration à la société québécoise. Services offerts dans plus de 35 langues.

### Mwayen pou kontakte

📍 6767, chemin de la Côte-des-Neiges, bureau 499  
📞 514 738-4763  
🌐 siari.org

## DEFANS DWA



## ACEF du Nord de Montréal

Atelye sou dét, bidjè ak dwa konsomatè yo. Konsiltasyon bidjè chak moun ak sèvis èd si genyen yon pwoblèm ak yon biznis oswa yon konpayi (egzanp akò pou peman). Odinatè disponib pou tout moun

### Mwayen pou kontakte

📍 7500, avenue de Châteaubriand  
📞 514 277-7959  
🌐 acefnord.org

## Action Autonomie

Sèvis èd ak akonpayman nan defann dwa moun ki gen pwoblèm sante mantal gras a ledikasyon . Mwayen pou kontakte

### Mwayen pou kontakte

📍 3958, rue Dandurand  
📞 514 525-5060  
🌐 actionautonomie.qc.ca

## Bureau des ressources des assisté(e)s sociaux (BRAS) Villeray

Akèy, tande ak referans. Enfòmasyon sou lwa yo, dwa yo ak obligasyon asistans sosyal.

### Mwayen pou kontakte

📍 660, rue Villeray  
📞 514 495-8101  
🌐 brasvilleray.org

## Éducaloï

Enfòme popilasyon an sou dwa li, responsabilite li ak sou lalwa.

### Mwayen pou kontakte

🌐 educaloï.qc.ca

## Mouvement Action-Chômage (MAC)

Seson enfòmasyon sou asirans chomaj ak kesyon sou tribunal.

### Mwayen pou kontakte

📍 6839A, rue Drolet, bureau 306  
📞 514 271-4099  
🌐 macmtl.qc.ca

## SANTE



## Médecins du monde

Sèvis medikal mobil pou moun nan lari (depistaj ITSS ak vaksinasyon, sipò sikolojik pou chak moun ak pou gwoup, distribisyon twous naloxone ak referans). Klinik medikal san randevou pou imigran ki pa gen asirans medikal.

### Mwayen pou kontakte

📍 560, boulevard Crémazie Est  
📞 514 281-8998  
🌐 medecinsdumonde.ca

## **PREVANSYON AK AKONPANYMAN POU MOUN KI NAN DWÒG AK ALKÒL**



### **Centre d'orientation et de prévention de l'alcoolisme et de toxicomanie pour les latinos-américains (COPATLA)**

Sèvis enfòmasyon pou kominate a sou moun ki pran alkòl ak lòt dwòg. Ede jèn adilt yo ak fanmi yo jwenn solisyon pou konpòtman moun ki gen pwoblèm alkòl ak dwòg la ak pou antre yo nan kominate a. Fè aktivite sosyo-kiltirèl ak lwazi. Lang yo pale: Panyòl ak franse.

#### **Mwayen pou kontakte**

- 📍 660, rue Villeray
- 📞 514 948-6188
- ✉️ @ copatla1989@gmail.com

### **PACT de rue**

Tande, akonpanye, fè prevansyon. Sant nan lajounou pou granmoun. Prezans sou teren an nan travay nan lari ak jèn yo. Lokal fiks pou moun ki pran dwòg.

#### **Mwayen pou kontakte**

- 📍 8105, rue de Gaspé, bureau 200
- 📞 514 278-9181
- ✉️ pactderue.org

## **SIPO POU MOUN KI ANDIKAPE E POU FANMI YO**



### **Association québécoise des traumatisés crâniens**

Sèvis pou moun ki nan yon aksidan te resevwa yon gro chòk nan tèt ak nan sèvo : entegrasyon sosyal ak sipò siko-sosyal. Sèvis pou fanmi yo tou (rankont avèk chak moun, atelye, poz, elatriye).

#### **Mwayen pou kontakte**

- 📍 911, rue Jean-Talon Est, bureau 106
- 📞 514 274-7447
- ✉️ aqtc.ca

## **Centre de la communauté sourde du Montréal métropolitain**

Pwomosyon enterè ak defans dwa moun ki soud yo. Sèvis yo ofri: ekout, enfòmasyon ak referans, bay manm yo èd regilièman, konsèy sou lalwa ak sipò. Akeyi imigran soud yo, aprann yo li ak bay fòmasyon, elatriye.

#### **Mwayen pou kontakte**

- 📍 2200, boulevard Crémazie Est, bureau 203
- 📞 ATS : 514 279-7609
- 📞 514 903-2200
- 🌐 ccsmm.net

## **Espace Multisoleil**

Aktivite lwazi, kiltirèl an gwoup pou jèn ki gen ant 6 a 30 an ki andikape fizik, avèk oswa san andikap entelektyèl.

#### **Mwayen pou kontakte**

- 🌐 espacemultisoleil.org
- ✉️ @ info@espacemultisoleil.org

## **La Joie des Enfants**

Sèvis pou andikape entelektyèl ak fanmi yo: poz, gadri, kan nan lajounen, lwazi ak referans.

#### **Mwayen pou kontakte**

- 📍 8520, rue Saint-Urbain
- 📞 514 270-0338

## **Regroupement de parents de personnes ayant une déficience intellectuelle de Montréal**

Sèvis pou degoudi lespri timoun ki poko gen 5 an ak sèvis sipò pou aktivite sosyo-kiltirèl pou granmoun. Sèvis yo la pou moun ki gen yon andikap entelektyèl oswa yon moun ki otis.

#### **Mwayen pou kontakte**

- 📍 911, Jean-Talon Est, bureau 227A
- 📞 514 255-3064
- 🌐 rppadim.com

**LOJMAN****Espace la Traversée - Habitat 1460**

Lojman ki fèt pou satisfè bezwen granmoun aje yo. Gen plizyè aktivite nan pwogram nan ak yon sèvis lajounen kou lan nwit.

**Mwayen pou kontakte**

📍 1460, boulevard Crémazie Est,  
bureau 100  
📞 514 321-4984

**Les Habitations populaires de Parc-Extension (HAPOPEX)**

Se kay ou kapab lwe a yon bon pri e kote wap jwenn sipò sosyal ak kominotè ke yon ekip travayè bay. Lokatè yo ap jwenn yon vi kominotè ak aktivite an gwoup.

**Mwayen pou kontakte**

📍 445, rue Jean-Talon  
Ouest, bureau 304  
📞 514 655-9944  
🌐 hapopex.org

**La Maison des sourd**

Lojman sosyal pou moun ki soud oswa ki tande di ak fanmi yo. Yo ofri aktivite sosyal ak lwazi ak lokasyon gran sal.

**Mwayen pou kontakte**

📍 2200, boulevard Crémazie Est,  
bureau 200  
📞 438 381-6372  
🌐 maison-sourds.org

**La Maison Villeray (Maison St-Dominique)**

Channm tou meble ak sipò siko-sosyal ak kominotè pou granmoun ki gen ti mwayen, k ap viv pou kont yo epi ki gen pwoblèm sante mantal. Sal kominotè disponib tout tan ak prezans yon moun ki pou ede 2 a 3 jou pa semèn.

**Mwayen pou kontakte**

📍 7787, rue De Lanaudière  
📞 514 270-7793  
🌐 maisonstdominique.org  
(seksyon "Nos maisons"  
- "Maison Villeray")

**Office municipal de l'habitation de Montréal (OMHM)**

Ofri lojman ak pwogram abitasyon sou zile Monreyal. Yo ofri lokatè yo aktivite sosyal ak kominotè.

**Mwayen pou kontakte**

📞 514 872-6442  
🌐 omhm.qc.ca

**SÉCURITÉ URBAINE****Service de police de la Ville de Montréal (SPVM) – Poste de quartier 31****Mwayen pou kontakte**

📍 7920, boulevard Saint-Laurent  
📞 514 280-0131  
🌐 spvm.qc.ca/fr/PDQ31

**TANDEM VSP – Villeray – Saint-Michel – Parc-Extension**

Sèvis prevansyon pou sitwayen Villeray nan zafè sekirite nan vil yo.

**Mwayen pou kontakte**

📍 7355, avenue Christophe-Colomb  
📞 514 490-1414  
🌐 patrovilleray.ca  
(seksyon "Sécurité urbaine")





Centre intégré  
universitaire de santé  
et de services sociaux  
du Nord-de-  
l'île-de-Montréal

Québec 

 Fondation du Grand Montréal



 *Mirella & Lino*  
*Saputo* FOUNDATION FOUNDATION

FOUNDATI<sup>ON</sup> FAMILIALE  
**Trottier**  
FAMILY FOUNDATION

  
The Molson Foundation  
Fondation Molson